



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DE SERI LEJISLASYON K AP RANFÒSE
TRANSPARANS NAN GOUVÈNMAN ETA AK LOKAL**

Lejislasyon (S.1150-A/A.1228-A) egzije pou yo rann dokiman yo pral diskite sou yo nan rankont ouvè yo disponib omwen 24 èdtan anvan rankont lan

Lejislasyon (S.4625-A/A.1442-B) egzije MTA a pibliye done li yo nan fòm done ouvè ke piblik la ka gen aksè epi telechaje fasilman

Gouvènè Kathy Hochul today te siyen jodi a de seri lejislasyon k ap ranfòse transparans nan gouvènman eta ak lokal yo. Premye seri lejislasyon an egzije pou yo rann dokiman ki prale nan diskisyon nan rankont ouvè yo disponib sou demann oswa pibliye yo sou sitwèb gouvènman an omwen 24 èdtan anvan rankont lan. Dezyèm seri lejislasyon an egzije MTA a pibliye done li yo sou fòm ki aksesib fasilman epi ki ka telechaje fasilman epi itilize pa piblik la.

"Pa gen ekskiz pou kenbe Nouyòkè yo nan fènwa sou mezi gouvènman yo pran pou ede elektè yo, epi nou te angaje pou plis transparans depi Premye Jou a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "De seri lejislasyon sa yo ap egzije dokiman enpòtan gouvènman lokal yo ak done MTA yo pou disponib kòrèkteman pou elektè yo li epi itilize. Nouyòkè yo ta dwe enfòmè sou travay gouvènman an fè pou yo chak jou, men nou dwe rann li pi fasil pou yo pou jwenn enfòmasyon sa."

Rann dokiman yo disponib anvan rankont ouvè yo (S.1150-A/A.1228-A)

Lejislasyon sa rann dokiman yo pral diskite sou yo nan rankont ouvè yo disponib pou piblik la omwen 24 èdtan anvan rankont lan. Lwa sou Rankont Ouvè yo gen objektif pou responsabilize piblik la atravè aksesibilite nan rankont enstitisyon piblik yo. Lwa a egzije yo rann dokiman ki enpòtan yo disponib pou piblik la, tankou tout règleman, reglemantasyon oswa rezolisyon. Men, lwa aktyèl la egzije pou yo rann dokiman yo disponib sèlman anvan rankont yo "jan ajans oswa depatman an detèmine l la." Règ sa te lakoz kèk kò gouvènman pa t rann materyèl yo disponib anvan rankont yo, ki diminye transparans. Règleman sa egzije pou yo rann tout rezolisyon, lwa, règ, règleman, politik, oswa amannman disponib sou demann epi pou yo pibliye yo sou sitwèb enstitisyon an omwen 24 èdtan anvan diskisyon yo nan yon rankont ouvè, ki bay piblik la aksè nan dokiman enpòtan sa yo alavans.

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Patisipasyon piblik la nan rankont ouvè yo se yon baz nan demokrasi nou an, ak yon opòtinite vital pou sitwayen yo fè tandè enkyetid yo epi pou reprezantan yo adrese yo. Pou piblik la gen yon opòtinite pou patisipasyon ki enpòtan nan pwosesis la, yo bezwen gen aksè nan materyèl diskisyon yo anvan tout rankont, men malerezman twòp antite piblik nan Eta New York ap itilize yon feblès nan lwa aktyèl nou an pou eskive egzijans enpòtan sa. Li lè pou chak enstitisyon piblik atravè eta a adopte pratik bon sans sa, epi ak lejislasyon senp sa, n ap asire ke yo fè sa. Mwen rekonesan pou patenarya mwen ak Manm Asanble Amy Paulin sou mezi bòn gouvènans enpòtan sa ak lòt yo, epi mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Kathy Hochul k ap konbat pou yon Gouvènman Eta ki pi transparan epi ouvè."

Egzijans pou MTA pibliye done nan fòm ki aksesib fasilman (S.4625-A/A.1442-B)
Lejislasyon sa egzije MTA a pibliye done li yo nan fòm done ouvè, ke piblik la ka gen aksè, telechaje epi manipile fasilman. MTA a ap dwe deziyen yon kowòdonatè done epi l ap genyen 180 jou pou pibliye kantite done ki posib epi legal nan twa lane. Pwojè lwa sa etabli Dekrè Egzekitif Nim. 95 nan 2013, "Itilizasyon teknoloji pou fè pwomosyon transparans, amelyore pèfòmans gouvènman an epi ranfòse angajman sitwayen", an lwa.

Senatè Leroy Comrie te deklare, "Pi gwo otorite piblik nan eta nou an, ki responsab pou plizyè milye djòb, plizyè milya dola nan investisman kapital, ak yon kontribitè kle nan ekonomi nou an dwe fyab epi responsab. Lwa sou Done Ouvè MTA a franchi yon etap nan bon direksyon pou bay yon fason ki dijere pi fasilman pou verifye finans, kontra, ak pèfòmans jeneral MTA. Transparans se preskripsyon ki nesesè pou konble eka konfyans ant MTA ak piblik k ap kondi a. Mwen ta renmen remèsye defansè transpò ak kòlèg travay mwen yo pou sipò solid yo pou lejislasyon sa, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li ratifye li an lwa."

Manm Asanble Robert Carroll te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li ratifye lwa sou done ouvè MTA a. Avèk ratifikasyon jodi a, MTA a ap dwe rann done li yo disponib pou piblik la epi fasil pou manipile kounye a. Lwa sou Done Ouvè MTA a, ap rann MTA pi transparan epi responsab pou plizyè milyon Nouyòkè ki depann de metwo, bis, tren pasaje, pou ale vake nan lavi kotidyen yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)